

Se ak anpil kè kontan New York Foundation for the Arts (NYFA) mete l an patenarya ak Depatman Zafè Kiltirèl Vil Nouyòk (New York City's Department of Cultural Affairs, DCLA) ak Biwo Meri pou Medya ak Divètisman (Mayor's Office of Media and Entertainment, MOME) ansanm ak Queens Theatre, pou lanse *City Artist Corps Grants*.

City Artist Corps Grants se yon pati nan [City Artist Corps](#), yon nouvo inisyativ rekiperasyon \$25 milyon ki fèt pou ede alafwa atis ke pandemi an te frape di epi ke opòtinite finansman federal p at rive touche.

City Artist Corps Grants la nan entansyon pou sipòte atis k ap travay ki baze nan Vil Nouyòk ke COVID-19 te afekte nan wo nivo. Pwogram nan pral distribye yon sibvansyon yon fwa \$5,000 bay plis pase 3000 atis pou ede yo sipòte pratik yo epi angaje piblik la atravè senk awondisman Vil Nouyòk yo pandan ete sa a k ap kòmanse an jiyè. Atis k ap travay nan nenpòt disiplin kalifye pou aplike.

Aplikasyon *City Artist Corps Grants* ak anons sibvansyon pral anonse pandan ete a nan plizyè sik. Pou tout sik yo, y ap triye atis yo pou kalifikasyon epi y ap chwazi benefisyè sibvansyon yo ak yon lotri.

City Artist Corps Grants administre an patenarya ak òganizasyon sibvansyon ak sèvis pou sipòte sansibilizasyon, pote asistans teknik pou kandida enterese, epi enfòmasyon pwosesis seleksyon benefisyè sibvansyon nan sèvis kominote kiltirèl divès vil la.

Pami patnè yo genyen: Asian American Arts Alliance, A.R.T./New York, Black Public Media, Brooklyn Arts Council, Bronx Council on the Arts, Bronx Documentary Center, Dance/NYC, Firelight Media, Flushing Town Hall, Indie Theater Fund, Lower Manhattan Cultural Council (LMCC), MakerSpace NYC, New Music USA, Poets & Writers, ak Staten Island Arts.

Tout opòtinite sibvansyon nan *City Artist Corps Grants* pral swiv menm kritè yo:

- Pwopozisyon aktivite angajman kreyatif la:
 - Dwe genyen yon atizay oswa fokis kreyatif
 - Dwe prezante dirèk ak an pèsòn
 - Atis ki gen andikap ak/oswa iminosipime kote li danjere pou yo angaje nan pèfòmans an dirèk pa gen pwoblèm pou aplike pou aktivite angajman kreyatif an dirèk sou entènèt.
 - Dwe fèt nan Vil Nouyòk (nenpòt nan senk awondisman yo)
 - Pwogram nan dwe gratis pou piblik la. Pwogram ak tikè yo kalifye, men tout tikè yo dwe gratis.
 - Li ka fèt andedan oswa deyò
- Atis la ka prezante plis pase yon aktivite men li ka sèlman resevwa yon sèl sibvansyon \$5,000
- N ap ankouraje ke benefisyè a sèvi ak yon pati nan sibvansyon an pou sipòte frè atis yo, pou ni atis ki aplike a ak nenpòt atis ki pran angajman pou sipòte aktivite a
- Atis ka chwazi fè patenarya ak yon lokal oswa prezante poukont yo

- Yo dwe dokimante ak yon minimòm 2 foto ki fèt pandan aktivite a (w ap bezwen pataje foto sa yo ak rapò final ou ansanm ak kantite moun ki prezan yon fwa aktivite a fini)
- Angajman kreyatif pa bezwen prezante nouvo travay; yo ka prezantasyon travay ki la deja / espektak / ekspozisyon.
- Toutotan aktivite a ranpli kondisyon sa yo, *City Artist Corps Grants* ka sèvi pou sipòte yon aktivite ki la deja ki pwograme pou fèt pandan ete a nan Vil Nouyòk ant 10 jiyè ak 31 oktòb 2021

Aktivite angajman kreyatif gendwa genyen ladan yo:

- Yon mizik, dans, teyat, pèfòmans lekti literè, oswa lòt pèfòmans an dirèk
- Yon atelye kreyasyon atizay an pèsòn ak manm kominote yo
- Pwojeksyon piblik yon fim oswa lòt travay medya
- Yon ekspozisyon atizay nan yon sant kominotè oswa lòt lokal piblik oswa prive (pa egzanp enstalasyon galri yon apatman)
- Yon eksperyans kreyasyon yon travay atistik an dirèk tankou pentire yon mi
- Pwogram ki deja etabli oswa k ap refèt ki fokalize sou kreyativite epi ki planifye pou fèt nan ete/otòn nan
- Tou sa ki site anvan yo gendwa pwograme apa oswa fèt nan kad yon festival ki egziste deja oswa yon pwogram ki gentan fikse pou ete a.

DAT PIBLIKASYON APLIKASYON SIBVANSYON AN

Aktivite angajman kreyatif yo bezwen fini rive dat dimanch 31 oktòb 2021.

Aplikasyon Sik 1

Angajman soti 10 jiyè rive 31 oktòb 2021

Ouvri: Madi 8 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 22 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòme: Vandredi 2 jiyè

Aplikasyon Sik 2

Angajman soti 20 out rive 31 oktòb 2021

Ouvri: Madi 6 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 20 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòme: Lendi 2 out

Aplikasyon Sik 3

Angajman soti 3 septanm rive 31 oktòb

Ouvri: Madi 27 jen nan 10è AM

Fèmen: Madi 10 jen nan 10è AM

Benefisyè yo enfòme: Mèkredi 25 out

KIYÈS KI KA APLIKE?

- Kandida yo dwe rezidan aktyèl nan Vil Nouyòk (5 awondisman yo) epi yo te kenbe rezidans depi janvye 2020.
- Kandida yo dwe atis ki te demontre yon pratik kreyatif dirab k ap kontinye nan nenpòt disiplin kreyatif
- Kandida yo dwe bay dokiman sou pratik kreyatif yo pou nenpòt lè nan entèval 2 ane ki sot pase yo (2019 ak/oswa 2020).
- Kandida yo dwe aplike ak yon aktivite angajman piblik ki reponn ak kritè ki mansyone anvan yo. Kandida yo ka aplike ak yon aktivite ki poko konfime (an tèm dat prezantasyon ak lokalizasyon).
- Atis la ka sèlman aplike yon fwa nan chak Sik epi ka sèlman resevwa yon (1) sibvansyon an total atravè pwogram *City Artist Corps Grants* lan.
- Kandida yo ka ansyen benefisyè nenpòt nan pwogram sibvansyon NYFA yo, ki gen ladan Sibvansyon Ijans COVID-19 2020/2021
- Kandida a ta dwe kapab bay yon fòm W-9 ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (ITIN) oswa EIN (apre seleksyon).
- Kandida a dwe genyen 21 an oswa plis avan 8 jen 2021.
- Yon manm fanmi, zanmi oswa yon moun sipò ka aplike sou non yon atis ki pa kapab ranpli aplikasyon an pou tèt li.
- Kandida a pa ka enskri nan yon pwogram fòmasyon pou jwenn yon diplòm
- Kandida a pa kapab yon anplwaye nan NYFA, Vil Nouyòk, oswa nenpòt òganizasyon patnè k ap sipòte pwogram Artist Corps Grants lan. Sa gen ladan manm konsèy òganizasyon sa yo oswa yon manm fanmi imedyat pami nenpòt sa ki site yo.

NOTE:

- Tout aktivite angajman kreyatif ki finanse dwe fèt ant 10 jiyè ak 31 oktòb 2021.
- Tout benefisyè sibvansyon yo dwe soumèt yon rapò final rive 12 novanm 2021
- Apre yo fin revize aplikasyon yo pou wè si yo konplè ak si yo kalifye, y ap chwazi kandida kalifye yo nan yon pwosesis lotri.
- Tout aktivite angajman piblik ki kalifye (ak dat aktivite fleksib) ke yo pa chwazi nan Sik 1 pral otomatikman antre nan lotri sik k ap vini an pou seleksyon. Kandida a *pa pral* bezwen ranpli yon nouvo fòm aplikasyon.
- NYFA oswa Vil la gendwa rann aktivite angajman kreyatif finanse ak lokalizasyon aktivite a, ansanm ak non kandida a piblik pandan tout dire pwogram nan.
- Y ap distribye finansman an nan 2 vèsman:
 - Vèsman 1 \$4,000 – nan moman seleksyon an
 - Vèsman 2 \$1,000 – nan moman w finalize ak siksè rapò final la.

- Tout aktivite angajman kreyatif finanse yo dwe dokimante vizyèlman ak yon minimòm de 2 foto ki fèt pandan aktivite a, ak dokimantasyon ke w ap bay pandan rapò final la.